

Lekól vil Atén yo
GRATIS ak REDWI
Fóm manje midi
2024-2025

Sove Papye

Ranpli Yon Aplikasyon Sou Enténét

Jwenn yon lyen dirék nan www.acs-k12.org

oswa nenpót sit enténét lekól vil Atén

Ou dwe ranpli yon nouvo aplikasyon chak ane. Tanpri bay lis tout moun lakay ou ak tout pitit ou yo nan Distri Lekól Athens City nan yon aplikasyon. *Pou kalifye pou sévis kalifikasyon gratis ak redui, yon nouvo aplikasyon ak rekalfikasyon dwe ranpli pa Athens City Schools chak ane lekól.* Donk, tanpri ranpli aplikasyon sa a epi ale nan sal maje ou oswa nan biwo lekól la imedyatman oswa ranpli yon aplikasyon sou enténét.

Mési!
Athens City Schools
Pwogram Nitrisyon Timoun

KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU KANTIN LEKÒL GRATIS AK ORABÈ

Lonè Paran / Gadò:

Timoun yo bezwen manje ki gen vitamin pou yo aprann.

Athens City School District ofri manje vitamine chak jou lekòl la. Pri Dejene \$0.00; pri manje midi \$2.75. **Pitit ou yo ka kalifye pou repa gratis oswa pou repa orabè.** Orabè a se \$0.00 pou manje maten ak \$0.40 pou manje midi. Pake sa a gen ladan yon aplikasyon pou avantaj repa gratis oswa pri redwi, ak yon seri enstriksyon detaye. Anba a gen kèk kesyon komen ak repons a ede w ak pwosesis aplikasyon an.

1. KI MOUN KI KAPAB RESEVWA REPA GRATIS OSWA ORABÈ?

- Tout timoun ki fè pati kay la k ap benefisye avantaj nan men **Alabama SNAP], the Food Distribution Program on Indian Reservations (FDPIR)** oswa **Alabama TANF**, yo kalifye pou repa gratis.
- Timoun adoptif ki anba titèl yon ajans akèy famiyal oswa yon tribinal kalifye pou repa gratis.
- Timoun ki patisipan pwogram Head Start lekòl yo kalifye pou repa gratis.
- Timoun ki reponn ak definisyon sanzabri, wazif, oswa pèleren kalifye pou repa gratis.
- Timoun yo kapab resevwa repa gratis oswa orabè si revni kay ou a tonbe nan barèm ki sou Gid pou Kalifikasyon Revni Federal la. Pitit ou yo kapab kalifye pou repa gratis oswa orabè si revni kay ou a piba oswa egal barèm yo sou tablo sa a.

TABLO POU KALIFIKASYON REVNI FEDERAL Pou Ane Lekòl 2024-2025			
Kantite manm kay	Chak ane	Chak mwa	Chak semèn
1	\$28,861	\$2,322	\$536
2	\$37,814	\$3,152	\$728
3	\$47,767	\$3,981	\$919
4	\$57,720	\$4,810	\$1,110
5	\$67,673	\$5,640	\$1,302
6	\$77,626	\$6,469	\$1,493
7	\$87,579	\$7,299	\$1,685
8	\$97,532	\$8,128	\$1,876
Chak moun anplis:	\$9,953	\$830	\$192

2. **KIJAN POU MWEN KONNEN SI PITT MWEN KALIFYE ANTANKE SANZABRI, PÈLEREN, OSWA WAZIF?** Èske moun yo ki manm kay ou manke yon adrès estab? Èske ou rete ansanm nan yonabri, otèl, oswa lòt abri pwovizwa? Èske ou fanmi ou te deplase sou yon baz sezon? Èske nenpòt timoun ki abite avèk ou te chwazi kite fanmi fondanatal yo oswa kay la? Si ou kwè timoun lakay ou reponn deskripsyon sa yo epi yo pa te di timoun ou yo ap resevwa repa gratis, tanpri rele oswa voye imel **Jennifer Sallee at 256-233-6600 or jennifer.sallee@acs-k12.org.**
3. **ÈSKE MWEN BEZWEN RANPLI YON FÒM APLIKASYON POU CHAK TIMOUN?** Non. *Sèvi ak yon sèl fòm Aplikasyon pou Kantin Lekòl gratis ak Orabè pou tout elèv ki nan kay ou.* Nou pa ka apwouve yon aplikasyon ki pa konplè, kidonk asire ou ranpli tout enfòmasyon nesèsè yo. Retounen aplikasyon ou ranpli a: **Tandy Blackwell at 455 US Hwy. 31 North, Athens, AL 35611 or any lunchroom.**
4. **ÈSKE MWEN TA DWE RANPLI YON APLIKASYON SI MWEN TE RESEVWA YON LÈT PANDAN ANE LEKÒL SA A KI DI YO DEJA APWOUVE PITT MWEN YO POU REPA GRATIS?** Non, men tanpri li lèt la ou te resevwa a ak anpil atansyon epi swiv machasiv yo. Si yon timoun lakay ou te absan nan avi pou kalifikasyon w lan, kontakte [suiv lòd yo. Sizoka yon timoun nan tchè kay ou ta manke nan avi ki di ou akseptab la, kontakte] **The Child Nutrition Program at 455 US Hwy. 31 North, Athens, AL 35611 or 256-233-6600 imedyatman.**
5. **ÈSKE MWEN KA APLIKE SOU ENTÈNÈT?** Wi! Nou ap ankouraje ou ranpli yon aplikasyon sou entènèt olye yon aplikasyon sou papye, si ou kapab. Kondisyon aplikasyon sou entènèt yo menm epi yo pral mande w pou enfòmasyon a menm jan ak aplikasyon sou papye a. Vizite <https://www.acs-k12.org/departments/child-nutrition-program/freereducedapp> pou kòmanse oswa POU aprann plis sou pwosesis aplikasyon an sou entènèt. Kontakte [suiv lòd yo. Sizoka yon timoun nan tchè kay ou ta manke nan avi ki di ou akseptab la,

kontakte] Tandy Blackwell at 455 US Hwy. 31 North, Athens, AL 35611 or 256-233-6600 or tandy.blackwell@acs-k12.org si ou gen nenpòt kesyon sou aplikasyon sou entènèt.

6. YO TE APWOUVE APLIKASYON PITIT MWEN AN ANE PASE. ÈSKE MWEN BEZWEN RANPLI YON NOUVO FÒM? Wi. Se sèlman pou ane lekòl sa a aplikasyon pitit ou a bon ak pou premye jou yo nan ane lekòl sa a, nan through **September 18, 2024**. Ou dwe voye yon nouvo fòm aplikasyon sofsi lekòl la te fè ou konnen pitit ou a kalifye pou nouvo ane lekòl la. Si ou pa voye yon nouvo fòm aplikasyon ke lekòl la apwouve oswa ou pa resevwa avi ki di pitit ou a kalifye pou repa gratis, pitit ou a ap gen pou peye pri a anplèn pou repa.
7. MWEN JWENN WIC. ÈSKE PITIT MWEN AN KAPAB RESEVWA REPA GRATIS? Timoun nan kay la ki patisipan WIC kapab kalifye pou repa gratis oswa orabè. Tanpri voye yon fòm aplikasyon.
8. ÈSKE YO PRAL VERIFYE ENFÒMASYON MWEN BAY YO? Wi. Nou ka mande w tou pou voye prèv alekri ki kore revni nan kay ou rapòte a.
9. SI MWEN PA KALIFYE KOUNYEYA, ÈSKE M KA APLIKE ANKÒ? Wi, ou ka aplike nan nenpòt ki lè pandan ane lekòl la. Pa egzanp, timoun ki gen yon paran oubyen gadò ki vin p ap travay ka vin kalifye pou repa gratis ak repa orabè si revni nan kay la enferyè ak barèm revni yo fikse a.
10. E SI MWEN DAKÒ AVÈK DESIZYON LEKÒL LA KONSÈNAN APLIKASYON MWEN AN? Ou ta dwe pale ak staf direksyon lekòl la. Ou kapab rele oswa ekri tou pou mande yon odit nan: [suiv lòd yo. Sizoka yon timoun nan tchè kay ou ta manke nan avi ki di ou akseptab la, kontakte] Student Services Coordinator, Mike O'Rear at 455 US Hwy. 31 North, Athens, AL 35611 or 256-233-6600 or mike.orear@acs-k12.org
11. ÈSKE MWEN KA APLIKE SI GEN YON MOUN LAKAY MWEN KI PA YON SITWAYEN AMERIKEN? Wi. Ou menm, pitit ou, oswa lòt moun nan kay la pa oblije sitwayen ameriken pou aplike pou repas gratis oswa orabè.
12. E SI REVNI MWEN PA TOUJOU MENM BAGAY LA? Fè lis kantite lajan an nòmalman ou resevwa. Pa egzanp, si ou nòmalman fè \$ 1000 chak mwa, men ou te rate kèk jou travay mwa pase epi sèlman te fè \$ 900, ekri ke ou te fè \$ 1000 pa mwa. Si nòmalman ou jwenn lè sipleman, mete li, mentou pa mete li si se pafwa sèlman ou travay pandan lè sipleman. Si ou te pèdi yon travay oswa yo te redui nan èdtan ou oswa salè ou, sèvi ak revni ou genyen kounyeya.
13. E SI MANM KÈK MOUN NAN KAY LA PA GEN OKENN REVNI POU LI METE NAN RAPÒ A? Manm fanmi an kapab pa resevwa kèk kalite revni nou mande w pou rapòte sou aplikasyon an, oswa ka pa resevwa revni ditou. Chak fwa sa rive, tanpri ekri yon 0 nan pati an. Sepandan, si genyen kèk pati revni ki rete vid oswa blanch, sa yo ap tou konte kòm zero. Tanpri fè atansyon pou pa kite pati revni vid, kidonk nou ap konsidere l jan ou ba nou li an.
14. NOU NAN LAME. ÈSKE SE POU NOU RAPÒTE REVNI NOU YON FASON DIFERAN? Ou dwe rapòte peman debaz ak lajan kach bonis kòm revni. Si w ap resevwa nenpòt ki alokasyon valè lajan kach pou lojman pwovizwa, manje, oswa rad, sa a dwe rantre kòm revni tou. Sepandan, si lojman w lan rantre nan kad Inisyativ pou Privatize Lojman Militè, pa mete alokasyon lojman w lan kòm revni. Nenpòt peman ki rekonpanse konba apre deplwaman pa rantre nan kad revni tou.
15. E SI PA GEN ASE ESPAS NAN FÒM APLIKASYON AN POU FANMI MWEN ? Fè lis nenpòt moun nan kay la ki anplis sou yon moso papye separe, epi mete li ansanm ak aplikasyon w lan. Kontakte [suiv lòd yo. Sizoka yon timoun nan tchè kay ou ta manke nan avi ki di ou akseptab la, kontakte] Tandy Blackwell at 256-233-6600 or tandy.blackwell@acs-k12.org pou resevwa yon dezyèm fòm aplikasyon.
16. FANMI MWEN BEZWEN PLIS ÈD. ÈSKE GEN POU LÒT PWOGRAM NOU TA KA APLIKE ? Pou chèche konnen kijan pou aplike pou Alabama SNAP oswa lòt avantaj èd, kontakte biwo èd lokalite w la oswa rele (800)382-0499.

Si ou gen lòt kesyon oswa si ou bezwen èd, rele 256-233-6600.

Respè,

Tandy Blackwell, Child Nutrition Coordinator

Non Discrimination Statement

Pou tout lòt pwogram asistans nitrisyon FNS yo, ajans leta oswa lokal yo, ak sou-benefisyè yo, yo dwe afiche Deklarasyon kont diskriminasyon sa a: Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo. Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339. Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan:

<https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele 866-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa: (1) (2) (3) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410; oswa faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa imèl: program.intake@usda.gov Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.. *El lenguaje de "nondiscriminación" adjunto en este documento se agregó de conformidad con el memorando del USDA del 5 de mayo de 2022. Sin embargo, aunque se incluye como requerido actualmente para el cumplimiento de la auditoria por parte de USDA, el Estado de Alabama se opone a su inclusión, aplicabilidad y aplicación de este lenguaje debido a desafíos legales actualmente pendientes en el asunto de EL ESTADO DE TENNESSEE, ET AL. V. USDA, ET AL., Caso No. 3:22-cv-00257, y puede estar sujeto a cambio o eliminación.

KÒMAN POU APLIKE POU KANTIN LEKÒL GRATIS AK ORABÈ

Tanpri itilize machasuiv sa yo pou kapab rive ranpli fòm aplikasyon an pou kantin lekòl gratis oswa orabè. Ou sèlman bezwen soumèt yon sèl fòm aplikasyon pou chak kay, menm si pitit ou frekanite plis pase yon lekòl nan Athens City School District. Ou dwe ranpli aplikasyon an nèt pou sètifye timoun ou yo gen aksè pou kantin lekòl gratis oswa orabè. Tanpri swiv machasuiv sa yo nan lòd! Chak etap nan machasuiv yo se menm bagay ak etap sa yo ki sou aplikasyon w lan. Si a nenpòt moman ou pa fin sèten kisa pou fè apre, tanpri kontakte Athens City Schools; Tandy Blackwell at 256-233-6600 or tandy.blackwell@acs-k12.org.

TANPRI ITILIZE YON PLIM (PA YON KREYON) LÈ W AP RANPLI APLIKASYON AN DEBWOUYE OU POU EKRI AN LÈT MAJISKIL BYEN KLÈ.

ETAP 1: FÈ LIS TOUT MOUN LAKAY OU KI SE TIBÈBE, TIMOUN, AK ELÈV JISKA KI RIVE JISKA 12^{ÈM} GRADE

Di nou konbyen ti bebe, timoun, ak elèv lekòl k ap viv lakay ou. Yo PA oblije gen lyen fanmi ak ou pou yo fè pati moun lakay ou.

Ki moun ki mwen ta dwe nan lis sila a? Lè w ap ranpli seksyon sa a, tanpri foure TOUT manm ki nan kay ou ki se:

- Timoun ki gen 18 lane ou mwens EPI se AK ak revni kay la yo viv;
- Nan fyèf ou selon yon aranjman adoptif, oswa kalifye kòm sanzabri, wazif, oswa ti kokorat;
- Elèv ki nan Athens City School District, kèlkeswa laj.

<p>A) Ekri non chak timoun. Enprime non chak timoun. Sèvi ak yon sèl lily ki nan fòm aplikasyon an pou chak timoun. Lè w ap enprime non yo, ekri yon lèt nan chak bwat. Kanpe si ou vin manke espas. Si valè timoun ki prezan an plis pase lily ki nan fòm aplikasyon an, tache yon dezèm moso papye avèk tout enfòmasyon yo mande pou timoun ki an plis yo.</p>	<p>B) Èske timoun nan se yon elèv nan Athens City School District? Make "W" oswa "N" anba kolòn nan ki gen tit "Elèv" fè nou konnen ki timoun ki ale nan <u>Athens City School District</u>. Si w te make "W," ekri nivo klas elèv la nan kolòn "Klas" ki nan pati a dwat la.</p>	<p>C) Èske ou gen yon timoun adoptif kèlkonk? Si yon timoun ki nan lis la se timoun adoptif, tcheke kazyè "Foster Timoun" ki akote non timoun nan. Si w ap SÈLMAN aplike pou timoun adoptif, apre w fini ETAP 1, ale nan ETAP 4. <u>Timoun adopsyon k ap viv avèk ou ka konsidere kòm manm nan fanmi w epi yo ta dwe nan lis fòm aplikasyon w lan.</u> Si ou ap aplike pou timoun ki nan ni ka adoptif ak ka ki pa adoptif, ale nan etap 3.</p>
<p>D) Èske gen nan timoun yo ki sanzabri, wazif, oswa kokorat? Si ou kwè nenpòt nan timoun ki nan lis nan seksyon sa a fè pati deskripsyon sa a, tcheke ti kazyè "sanzabri, wazif, kokorat" ki akote Non timoun nan epi ranpli tout etap nan aplikasyon an.</p>		

ETAP 2: ÈSKE NENPÒT NAN MANM KAY LA AKTYÈLMAN AP PATISIPE NAN SNAP, TANF, OSWA FDPİR?

Si yon moun nan kay ou (ou ladan tou) ap patisipe aktyèlman nan youn oswa plis nan pwogram asistans ki nan lis sa a anba a, timoun ou yo kalifye pou kantin lekòl gratis la:

- Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP) oswa **Food Stamp Office 1-800-382-0499.**
- Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) oswa **Food Stamp Office 1-800-382-0499.**
- Distribisyon Pwogram Manje sou Rezèvasyon Ameriken (FDPİR).

<p>A) Si pa gen moun nan kay la patisipe nan nenpòt nan pwogram ki anwo yo ki nan lis:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kite ETAP 2 vid epi ale nan Etap 3. 	<p>B) Si yon moun lakay ou patisipe nan nenpòt nan pwogram ki nan lis pi wo a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekri yon nimewo dosye pou SNAP, TANF, oswa FDPİR. Ou sèlman bezwen bay yon sèl nimewo dosye. Si ou patisipe nan youn nan pwogram sa yo epi ou pa konnen nimewo dosye w, kontakte: Food Stamp Office 1-800-382-0499. • Ale nan ETAP 4.
---	---

ETAP 3: FÈ RAPÒ REVNI POU TOUT MOUN LAKAY OU

Kijan pou m rapòte revni mwen an?

- Sèvi ak tablo yo ki gen tit "sous revni pou Granmoun" ak "sous revni pou Timoun," ki enprime nan do fòm aplikasyon an pou detèmine si kay ou a gen revni pou dresè rapò.
- Rapòte tout montan ki nan REVNI BRIT SÈLMAN. Rapòte tout revni an dola antye. Pa mete ladan santim.
 - Revni brit se revni a total ou te resevwa anvan taks
 - Anpl moun panse revni se kantite lajan yo "pran lakay" men se pa total la, kantite lajan "brit". Asire w ke revni a ou rapòte sou aplikasyon sa a PA te rive redwi pou pèman

ETAP 3: FÈ RAPÒ REVNI POU TOUT MOUN LAKAY OU

taks, prim pou asirans, oswa nenpòt lòt kantite lajan yo pran sou pèman ou.

- Ekri yon "0" nan nenpòt pati kote ki pa gen revni pou fè rapò. Nenpòt pati revni ki rete vid oswa ou blanch ap konte kòm yon zewo. Si ou ekri '0' oswa kite nenpòt pati vid, se ou ki sètifye (pwomèt) ke pa gen okenn revni pou fè rapò. Si otorite lokal yo sispèk revni kay ou a te mal rapòte, aplikasyon w lan pral sou envestigasyon.
- Sèvi avèk bwat tchèk ki a dwat chak pati pou make entèval tan ou resevwa chak kalite revni .

3.A. RAPÒTE REVNI TIMOUN YO TOUCHE

A) Rapòte tout revni timoun yo touche oswa resevwa. Rapòte revni konbine brit pou TOUT timoun ki nan lis ETAP 1 pou kay ou nan ti bwat la ki make "Total Revni Timoun." Konsidere sèlman revni pou timoun adoptif si w ap aplike pou yo ansanm ak rès kay ou.

Ki Revni Timoun nan ye? Revni timoun se lajan ou resevwa deyò kay la epi se DIRÈKTEMAN pitit ou touche li. Anpil kay pa gen okenn revni timoun.

REVNI RAPÒ 3.B GRANMOU TOUCHE

Ki moun mwen ta dwe mete nan lis sila a?

- Pou ranpli seksyon sa a, tanpri foure TOUT granmoun ki moun kay la ki ap viv avèk ou epi tou ki pataje revni ak depans yo, menm si yo menm yo pa fanmi w epi menm si yo pa resevwa revni pou pwòp tèt pa yo.
- **PA rantre:**
 - Moun ki ap viv avèk ou men se pa revni kay la ki ap sipòte yo EPI pa potekole nan revni kay ou.
 - Timoun ak elèv yo deja ki nan lis nan ETAP 1.

a) Fè lis non granmoun ki moun kay la.

Enprime non chak manm nan kay la nan bwat ki make "Non Granmoun ki Manm Kay la (Non ak Siyati)." Pa mete nenpòt nan moun manm kay la ou te mete nan ETAP 1. Si yon timoun ki nan lis nan ETAP 1 gen revni, swiv enstriksyon ki nan ETAP 3, pati A.

b) Rapòte salè ou touche nan travay. Rapòte tout revni ki soti nan travay nan pati "Salè nan Travay" ki nan fòm aplikasyon an. Jeneralman sa a se lajan ou resevwa pou travay ou fè nan kad djòb. Si ou se yon biznisman oswa pwopriyete jaden, ou ap fè rapò revni nèt ou an.

E si mwen yon travayè endepandan? Rapò revni nan ki travay kòm yon kantite lajan nèt. Kalkil sa a fèt lè w retire depans total aksyon biznis ou an nan revni brit oswa revni biznis lan.

e) Rapòte kantite moun ki konpoze kay la. Antrè kantite total moun ki konpoze kay la nan pati "Total Moun ki Manm Kay (Timoun ak Granmoun)." Nimewo sa a DWE egal a kantite moun kay la ki nan lis nan ETAP 1 ak ETAP 3. Si gen nenpòt manm nan fanmi w ke ou pa te mete nan lis sou aplikasyon an, tounen ladan l epi ajoute yo. Li enpòtan anpil pou mete nan lis tout moun kay la, puiske kantite moun ki konpoze kay la ap afekte kalifikasyon w pou manje gratis ak orabè.

d) Rapòte revni ki soti nan pansyon / retrèt / tout lòt revni. Rapòte tout revni ki aplike nan pati "Pansyon / Retrèt / Tout Lòt Revni" ki nan aplikasyon an.

c) Rapò revni ki soti nan asistans piblik / sipò pou timoun / pansyon alimantè. Rapòte tout revni ki aplike nan pati "Asistans Piblik / Sipò Timoun / Pansyon alimantè" ki nan aplikasyon an. Pa rapòte valè lajan kach ki nan okenn avantaj asistans piblik PA ki nan lis sou tablo a. Si revni an soti nan kad sipò timoun oswa pansyon alimantè, rapòte sèlman peman dapre yon lòd tribinal. Peman enfòmèl men ki regilye yo ta dwe rapòte kòm "lòt" revni nan pati apre -a.

f) Bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Yon granmoun ki manm kay la dwe antre kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal yo nan espas yo bay la. Ou kalifye pou aplike pou avantaj menm si ou pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal. Si pa gen okenn granmoun nan kay la ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal, kite espas sa a vid epi tcheke bwat ki sou bò dwat la ki make "Tcheke si pa gen okenn SS #."

ETAP 4: KOWÒDONE KONTAK AK SIYATI GRANMOU

Se yon granmoun ki manm kay la ki pou siyen tout aplikasyon yo. Lè ou siyen aplikasyon an, kidonk moun nan kay la pwomèt ke tout enfòmasyon yo di laverite epi rapò a konplè. Anvan ou ranpli seksyon sa a, tanpri asire w tou ou te li deklarasyon sou vi prive ak dwa sivil yo ki nan do aplikasyon an.

ETAP 4: KOWÒDONE KONTAK AK SIYATI GRANMOUN

A) Bay kowòdone kontak ou. Ekri adrès ou ye kounyeya nan pati yo bay si enfòmasyon sa a disponib. Si ou gen pa okenn adrès pèmanan, sa a pa fè pitit ou pa kalifye pou kantin lekòl gratis oswa orabè. Fè konnen nimewo telefòn, adrès imel, oswa toude se si ou vle, men ede nou rive jwenn ou byen vit si nou bezwen kontakte ou.

B) Enprime epi siyen non ou.
Enprime non granmoun ki siyen aplikasyon an e ke moun nan siyen nan bwat "Siyati yon granmoun".

C) Ekri dat jodi a. Nan espas yo bay la, ekri dat jodi a nan bwat la.

D) Fè konnen idantite timoun yo tankou ras ak gwoup etnik (si ou vle). Sou do aplikasyon an, nou mande w pataje enfòmasyon sou ras ak gwoup etnik timoun ou yo. Pati sa a se si ou vle epi yo pa afekte kalifikasyon pitit ou yo pou kantin lekòl gratis oswa orabè.

2024-2025 Pwototip Aplikasyon pa Kay pou Kantin Lekòl gratis ak orabè

Applike sou entènèt la nan <https://www.acs-k12.org/departments/child-nutrition-program/freereducedapp>

Ranpli yon fòm aplikasyon pou chak kay. Tanpri itilize yon plim (pa yon kreyon).

ETAP 1

Fè lis TOUT moun nan kay la ki tibèbe, timoun, ak elèv jiska klas 12 (si gen nesesite plis espas pou non ki anplis, tache yon lòt fèy papye)

Definition Mann Kay:
"Nanpòt ki moun ki ap viv avèk ou epi kolabore nan revni ak depans, menm si se pa fanmi."

Timoun ki nan swen adoptif ak timoun ki reponn ak definisyon yo bay pou Sanzabri, Pateren ki oswa Wazif kal'lye pou manje gratis. Li fason pou aplike pou Kantin Lekòl gratis ak orabè pou plis enfòmasyon.

Non Timoun nan

Mi Siyati Timoun nan

Non Timoun nan	Mi	Siyati Timoun nan	Klas	Elèv?		Sanzabri, Pateren, Wazif
				Wi	Pa gen	
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

Tcheke tout sa ki aplike

ETAP 2

Eske nenpòt Mann Kay (ki gen ladan ou) patisipe kounyeya nan youn oswa plis nan pwogram asistans yo: SNAP, TANF, oswa FDIPIR?

Si se NON > Ale nan ETAP 3.

Si se WI > Ekri yon nimewo dosye la a, epi ale nan ETAP 4 (Pa fini ETAP 3)

Nimewo Dosye:

Ekri yon sèl nimewo dosye nan espas sa a.

ETAP 3

Rapò Revni pou TOUT Mann Kay (Sote etap sa a si ou reponn 'Wi' nan ETAP 2)

Eske ou pa fin sèten ki revni pou mete la a?
Tcheke paj la epi revize tablo yo ki gen tit "Sous Revni" pou plis enfòmasyon.
Tablo "Sous Revni pou Timoun" pral ede w ak seksyon Revni Timoun nan.
Tablo "Sous Revni pou Granmoun" pral ede w ak seksyon Tout Granmoun ki Mann Kay.

A. Revni Timoun

Patwa timoun nan kay la touche oswa resewva revni. Tanpri mete revni TOTAL tout moun kay ki nan lis nan ETAP 1 isit la resewva.

B. Tout Granmoun Mann Kay (ou ladan tou)

Fè yon lis tout Mann fanmi an pa ki nan lis nan ETAP 1 (ou ladan tou) menm si yo pa resewva revni. Pou chak Mann Kay ki nan lis la, si yo resewva revni, rapòte revni total brit (anvan taks) pou chak sous an dola antye (pa gen santim) sèlman. Si yo pa resewva revni de okenn sous, ekri 0. Si ou anre nan 0 oswa kite yon pati kèlkonk vid, se ou ki sètifye (pwomèt) ke pa gen okenn revni pou rapòte.

Non Granmoun Mann Kay (Non ak Siyat)	Sòt nan Trany		Chak kilè?		Asidans Piblik / Spò Timoun / Fwosyon atman	Chak kilè?		Pansyon / Retrèt / Tout Lot Revni	Chak kilè?												
	\$		Chak Simèn	2 lwa pa Semèn pa lwa		Chak lwa	Chak lwa		Chak Simèn	2 lwa pa lwa	Chak lwa	Chak lwa									

Total Mann Kay (Timoun ak Granmoun)

Danyè Chif nan Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) nan Salè Prensipal Travayè oswa Lòt Granmoun Mann Kay

Tcheke si pa gen okenn SSN

ETAP 4 Contact information and adult signature

"Mwen sètifye (pwomèt) tout enfòmasyon sa a se verite e ke mwen rapòte tout revni. Mwen konprann ke yo bay enfòmasyon sa a nan tèl kole avèk res' lajan federal, e ke responsab lekòl yo dwa verifye (tcheke) enfòmasyon yo. Mwen konnen ke si mwen fè espre pou m bay fo enfòmasyon, piit mwen yo ka pèdi avantaj repa, epi kapab pouswiv mwen lajistis depre lwa Eta a ak twa Federal yo ki aplike."

Adrès Ri (si disponib)

Vil Eta kòd postal

Telefòn lajounen ak Imèl (si ou vle)

Siyati granmoun nan

Dat jodi ax

MACHASUIV

Sous Revni

Sous Revni pou Timoun

Sous revni Timoun	Egzanp (yo)
- Touche nan travay	- You timoun gen youn travay regilye tout jounen oswa moso jounen kote yo touche youn saté oswa peròl
- Sekirite Sosyal - Peman Enfimite - Avantaj Reskape	- You timoun se avèg oswa enfim epi ki ap benefisyè avantaj Sekirite Sosyal - You Paran ki andikape, pran retrèt, oswa mouri epi piti yo benefisyè avantaj sekirite sosyal yo
- Revni moun ki deyò kay la	- You manm fanmi lwen oswa zanmi ki bay youn timoun regilyèman lajan pòch
- Revni apatid nenpòt lòt sous	- You timoun resewva revni regilye apatid youn fon pansyon prive, sòl ane, oswa konfyans

OCHWA

Idanite Rasyal ak Etnik Timoun yo

Nou gen obligasyon mande enfòmasyon konsènan ras ak gwoup etnik timoun ou yo. Enfòmasyon sa a enpòtan epi li ede nou asire ke nou ap sèvi konplètman kominote nou an. Reponn seksyon sa a se si ou vle epi yo pa afekte kalifikasyon piti ou yo pou repas gratis oswa orabè.

Gwoup Etnik (tcheke youn): Panyòl oswa Latino Pa Panyòl oswa Latino Endyen Ameriken oswa natif natal Alaska Azyatik Nwa oswa Ameriken Nwa Natifnatal Awaysi oswa lòt moun zile pasifik Blan

Lwa sou Kantim Lekòl Nasyonal Richard B. Russell la mande enfòmasyon ki sou aplikasyon sa a. Ou pa oblije bay enfòmasyon an, men si ou pa fè sa, nou pa kapab apwouve piti ou pou manje gratis oswa orabè. Ou dwe mete kat dènye chif ki nan nimewo sekirite sosyal granmoun ki manm kay la ki siyen aplikasyon an. Kat dènye chif yo nan nimewo sekirite sosyal pa obligatwa li w ap aplike sou non youn timoun adoptif oswa si w mete youn Pwogram Asistans Nitri-syon Siplemanant (SNAP), Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) Pwogram oswa Distribisyon Manje Pwogram nan Rezèv Endyen yo (FDP)R nimewo dosye oswa lòt idanite FDIPIR pou piti ou oswa li ou endike ke granmoun kay la ki siyen aplikasyon an pa gen youn nimewo sekirite sosyal. Nou pral sèvi ak enfòmasyon ou an pou nou detèmine si piti ou a kalifye pou manje gratis ou a pri redwi, epi pou administrasyon ak egzeksyon pwogram d'ne ak dejenè yo. Nou KA pataje enfòmasyon sou kalifikasyon ou a ak pwogram nitrisyon, santé, edikasyon pou ede yo evalye, finanse, oubyen wè ki avantaj pwogram yo a, oditè pou revizyon pwogram yo, ak otorite ki fè respekte lalwa yo ede yo mennen anket pou vyolasyon règleman pwogram yo.

An akò ak Lwa federal sivil dwa ak US Department of Agriculture (USDA) règleman dwa sivil ak politik, USDA a, Ajans ti yo, biwo, ak anstisyon yo, ak enstisyon k ap patisipe nan oswa administratè pwogram USDA yo entèdi nan diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, kwayans reliyè, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa vanjans pou anvan aktivite dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fèt oswa ki te fonde pa USDA.

Pa ranpli

Pou Lekòl Itilize Sèlman

Annual Income Conversion: Weekly x 52, Every 2 Weeks x 26, Twice a Month x 24 Monthly x 12

Total Income

How often?

Weekly	Bi-Weekly	2x Month	Monthly
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

Household size

Categorical Eligibility

Eligibility:

Free	Reduced	Shared
<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

Determining Official's Signature

Date

Confirming Official's Signature

Date

Verifying Official's Signature

Date

Sous Revni pou Granmoun

Salé nan Travay	Asistans Piblik / Pansyon alimantè / Sijò Timoun	Pansyon / Retrèt / Tout Lòt Revni
- Salé, lajan peròl, bonis lajan kach - Revni nèt pou travay endepandan ou (fèm oswa biznis) - Si ou nan lame Meriken: - Peman baz ak bonis lajan kach (PA gen ladan peman pou konba, FSSA oswa alokasyon pou lojman privatize) - Alokasyon pou lojman pwovizwa, manje ak rad	- Dedomajman Chomaj - Konpansasyon Travayè - Revni Sekirite Siplemanant (SSI) - Asistans Lajan Kach ki soti nan Eta a oswa gouvènman lokal - Peman Pansyon alimantè - Peman Pansyon alimantè pou timoun - Avantaj Veteran - Dedomajman grèv	- Sekirite Sosyal (Dedoma-jman retrèt ray tren ak poumon nwa) - Pansyon Prive oswa avantaj andikapè - Revni regilye ki soti nan ekonomi oswa bitasyon - Sòl ane - Revni Envestisman - Enterè miltipliye - Revni Pou Lwaye - Peman regilye lajan kach ki soti deyò kay

Moun ki gen andikap ki bezwen mwayen altènatif nan komunikasyon pou enfòmasyon pwogram (egzanp Bray, gwò lèt, kasèt radyo, Lang Sij Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans ta (Eta a oswa lokalite a) kote yo aplike pou benefis yo. Moun ki souid, mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Retè Federal nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram nan kapab vin disponib pa sèlman nan angle men nan lòt lang ankl.

Pou pote youn plent diskriminasyon kont youn pwogram, ranpli Fòm Plent USDA Pwogram Diskriminasyon, (AD-3027) yo te jwenn sou entènèt nan: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekriv voye youn lèt k ap adresse USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan. Pou mande youn kopi nan fòm plent lan, rele (866) 632-9992. Voye fòm li w Byen ranpli oswa lèt ou bay USDA pa:

lapòs: U.S. Department of Agriculture

Biwo pou Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410

faks: (202) 690-7442; oswa

Imèl: program.intake@usda.gov.

Enstisyon sa a se youn founisè opòtinite egal-ego.